ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ГЪЛАНДЗРЭ КЪЫДОК!

№27 (22.685) • 2014 гъэм мазаем (февралым) и 13, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghejale.ru

КЪБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий хэтащ унэ кхъахэхэм щыпсоухэр кьыщIэгъэIэпхъукIыным пыщIа гугъуехьхэм ятеухуауэ видеоконференц щапхъэм иту екIуэкIа урысейпсо селектор зэIущIэм

КЪБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий мазаем и 12-м хэтащ Урысейм ухуэнысгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Мень Михаил иригъэкIуэкIа урысейпсо селектор зэIущIэм. Абы щытепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм хьихэ щIыналъэхэм 2012 гъэм и щIышIэм и 1-м ирихьэлIэу кхьахэ дыдэхьуауэ кьащащалыта псэупIэхэм щIыхуэр кьащIэгъэIэпхъукIыным хуэунэтIа программэхэр гъэзэщIа зэрыхьум. ЖКХ-м и Iэнатlэм жылагъуэ кIэлыпIунымкIэхэмкIэ центрхэр щIыналъэ псоми кьащIэгъэIэпщIыным теухуауэ Iуэхухэм хэпльащ. Абыхэм я лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытынущ мылькур зейм и хуитынигъэхэм кьащIэхьщIыным.

КЪБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм и деж мы гъэм и щIышIэм и 6-м щекIуэкIа зэIущIэм кьащIыхагъэщауэ щытащ Къэбэрдей-Балкъэрым кхьахэ хьуа унэу метр зэбгъуэзанатIэ careи 57, 1-рэ зэрыщIэр, зи псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн хуейхэр щыху 2685-рэ зэрыхьур.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

Министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ щылажьэхэр ягъэмащIэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий Iэ щIидзащ «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Урал областым и гъэзащIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэм и Iуэхукlэ» Указым. Абы пIкIэ иткIэ КЪБР-м и Правительствэм и зэхэлъыкIэр ягъэтэмэыкIиикIи министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакIуэхэр процент 15-кIэ ягъэмащIэ. Абыхэм кьадэкIуэу IэнатIэ щхьэхуэхэм я кьэзэгъэпэщыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ икIи абыхэм я унафэщIэр ягъэуващ.

Министерствэу 8-м я зэхэлъыкIэхэр яхъуэжащ: Къэрал мылькумрэ щылуэхухэмкIэ министерствэр иджы Къэрал комитетущ, Узыншагъэр хуэмэныкъэ курортхэмкIэ министерствэр Узыншагъэр хуэмэныкIэ министерствэщ, Спортымрэ туризмэмкIэ министерствэр Спортымкlэ министерствэр Курортхэмрэ туризмэмкIэ къэрал комитету зэгуагъэкIащ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэр иджы Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щылэгъуэлэм я Iуэхухэмкlэ министерствэщ, Щыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущапlэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ министерствэр Печатымрэ щыхубэ коммуникацIэхэмкIэ къэрал комитетщ, Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министерствэр Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министерствэщ, Энергетикэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ министерствэр Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ къэрал комитетщ, Транспортымкlэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министерствэр Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министерствэщ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэхэр зыкIэ нэхъ машIэ ящащ.

Апхуэдэу Мэз хозяйствэмкIэ къэрал комитетыр зэхуащIыкри, абы и кьалэнхэр игъэзащIэну Щыуэпсым и хуэгъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм иратыжащ, Къэралыр зыхуеинуэмкIэ заказхэр зэгуащIыкIэ къэрал комитетыр зэхуащIыжащ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп кьуэдзэхэу Альтуд Юрий, Уянаев Казым сымэ, КЪБР-м и Правительствэм и кьуэдзэ Марьяш Ириндэ Фырэ Русланрэ ягъэуващ.

Мусуков Алий КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министру, Тутыкъу Анзор хуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министру, Шэт Ирмэ узыншагъэр хуэмэныкIэ министру, Емуэ Нинэ егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щылэгъуэлэм я Iуэхуэхмкlэ министру, Афlэунэ Аслъэн спортымкIэ министру, Куэмуэ Мухьэдин щэнхабзэмкIэ министру, Тюбеев Альберт лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министру, Щыхьэ зехьыныкIэ къэрал комитетым и унафэщI хъуащ зэхуащIыжа министерствэм и Iэтащхьэу щыта Тоникоиг Аннэ, КЪБР-м и Къэрал кIуру заповедникым и унафэщI кьулыкъым тета Газаев Мухьтар щIыупсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министру. ЭнергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ министру щыта Кучменов Тlэхьир Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ къэрал комитетым и унафэщу ягъэуващ.

А махуэ дыдэм, 2014 гъэм мазаем и 12-м, Налшык кьалэ округым щыпIэ унафэр зегъэкIуэныкIэ и Советым и сессие екIуэкIащ. Абы щыкIалъэ администрацIэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр игъэзащIэну щагъэуващ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ КIуэдзокIуэу Мухьэмэд.

Сессием кьыщащта унафэм иткIе иткIэ кьалэм и Iэтащхьэм иIэу щыта кьуэдзэу 7-р 4-м нэсу ягъэмэщIащ. Иджы щIыналъэ администрацIэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэхэм я кьулыкъухэр яIыгъынущ архитектурэмрэ кьалэр ухуэныкIэ департаментым и унафэщI КIуэуIуфэ Ириндэ, КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хуэмэныкIэ и комитетым и унафэщI Жанатаев Сэлим, финансхэмкIэ департаментым и унафэщI КIасэ Диндэ сымэ, Щыпlэ советым и депутат Тонконог Анатолий кьагъэлъэгъуащ кьалэ администрацIэм и Iэтащхьэм и яп кьуэдзэм и кьулыкъым ягъэувын папщIэ.

Налшык кьалэ округым, адрей муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацIэхэм я унафэщI аппаратхэм я зэхэлъыкIэр гъэтэмэныным, кьулыкъущIэхэр нэхъ машIэ щыным хуэунэтIа лэжьыгъэм адэкIи пащэнщ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэу гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

Налшык кьалэ
2014 гъэм мазаем и 12-м
№41-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **Уянаев Казым Хьэжы-Мурат и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэу гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

Налшык кьалэ
2014 гъэм мазаем и 12-м
№42-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **Марьяш Ириндэ Евгений и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

Налшык кьалэ
2014 гъэм мазаем и 12-м
№43-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **Фырэ Руслан Борис и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

Налшык кьалэ
2014 гъэм мазаем и 12-м
№44-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортымкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **Афlэунэ Аслъэн Мартын и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

Налшык кьалэ
2014 гъэм мазаем и 12-м
№45-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **Къумахуэ Мухьадин Лалушэ и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

Налшык кьалэ
2014 гъэм мазаем и 12-м
№46-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **Тюбеев Альберт Исхьакъ и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

Налшык кьалэ
2014 гъэм мазаем и 12-м
№47-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **Кучменов Тlэхьир Махъты и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщу гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

Налшык кьалэ
2014 гъэм мазаем и 12-м
№48-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **унафэ сощI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр къэщтэн, мы къыкIэлъыкIуэхэр хэту:

Храмов Константин Константин и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщыр;

Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэр;

Уянаев Казым Хьэжы-Мурат и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэр;

Марьяш Ириндэ Евгений и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр;

Фырэ Руслан Борис и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр;

Афlэунэ Аслъэн Мартын и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр;

Газаев Мухьтар Алий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыупсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрыр;

Емуэ Нинэ Гъузер и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щылэгъуэлэм я Iуэхуэхмкlэ и министру;

Кlэрэф Мурат Анатолий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министру;

Кладько Игорь Евгений и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатымкIэ и министру;

Къумахуэ Мухьадин Лалушэ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министру;

Мусуков Алий Тlэхьир и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министру;

Тутыкъу Анзор Мырзэбэч и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм уху ныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министру;

Тюбеев Альберт Исхьакъ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министру;

Шэт Ирмэ Мухьэмэд и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэныкIэ и министру;

Кучменов Тlэхьир Махъты и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщыр;

Тонконог Аннэ Владимир и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIы Iуэхуэхэмрэ мылькур зехьэныкIэ и къэрал комитетым и унафэщыр;

Тхьэтэрэзан Зубер Мэчрэiил и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIыуэпсым и хуэгъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и къэрал комитетым и унафэщыр;

Шагин Сергей Иван и къуэр - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Iуэхуэхмкlэ, къызэрыкIыIуэ щытыкIэхэмкIэ, кьэхъуэ гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщыр (зэгурыIуэу);

2. Къару имыIэжу къэпытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къыдигъэкIа Указ №227-УГ-м.

3. Мы Указым кьару егъэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

2014 гъэм мазаем и 12-м
№49-УГ

«Адыгэ унэм» щекIуэкI зэIущIэм кьрихьэлIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Козак Дмитрий, Краснодар краймэ и губернатор Ткачёв Александр, абы и яп къуэдзэ Хьэту Жамболэт *(сэмэгумкIэ щысщ)*, щIыналъэм щэнхабзэмкIэ и унафэщым и къуэдзэ КIэрмыт Мухьдин.

Норвегием лъэрыжэмкIэ упеуэфынукъым



Фаткулинэ Ольгэ

XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм зэхьэзэхуэхэр щекIуэкI ещанэ махуэм дыщэ медалу 8-кIэ щызэпеуащ. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, Урысей Федерацэм и спортсменхэм къалысар зы дыжьын закъуэщ.

МАЗАЕМ и 11-м щIыхубзхэр лъэрыжэкIэ метр 500-кIэ кьыщыдэдэжэм Фаткулинэ Ольгэ дыдэ медалым пэгъунэгъу дыдэ хьуат. Арщхьэкlэ Кореем щыщ Хва Ли Сан абы къефIэкIыжащ. Арати, Фаткулинэр мы зэхьэзэхуэм етIуанэ щыхъуащ.

Норвегием и спортсменхэм лыжэкIэ упеуэну яужь ущIихьэхэхи зэрыщымыIэр иджыри зэ наIуэ ящIащ. ЩIыхубзхэми щIыхухъухэми я щхьэзакъуэ спринтым щытекIуэр ахэращ. Олимп льагапIэр кьалъысащ Фаллэ Мейкенрэ Хаттенстад Олэрэ.

Дыщэ медалитI а махуэм зыIэрагъэхьэфащ Германием икIахэми. Iэжьэкlэ бгым кьежэныныкIэ щIыхубзхэм я зэхьэзэхуэм псоми щефIэкIащ Гайзенбергер Натали. Абы къыкIэлъыкIуари я лъэпкъгъэщ. Трамплиным лыжэкIэ кьыщелъэми Фогт Каринэ зыри кьапэлъэщакъым.

Швейцариемрэ дыщэм хигъэхъуащ а къэралым и щIэкIэ утыку ихьа Подладчиков Юрий. ЩIыхухъухэм сноубордымкIэ я зэпеуэм ар Олимп чемпион щыхъуащ.

ФристайлымкIэ щIыхубзхэр «слоупстайл» лIэужьыгъуэмкIэ зэхьэзэхуащ. Абы щынэхъыфIащ Хоуэлл Дарэ.

Зэныкъуэкъуныгъэ гуащIэхэр щекIуэкIащ щIыхубзхэр биатлонымкIэ километри 10 гъуэгуанэм щызэпеуэм. Белоруссием яп дыщэ медалыр абы щыкIыхьащ Домрачёвэ Дарье.

Сочэ щекIуэкI Олимпиадэр ди къэралым щыпсэухэм хуабжьу яфIэхъэлэмэтщ. ЩIэупщIэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуэнкIэ, аэр мы зэманым нэхъыбэу дзэныхъэри зыкIэлъыплъри Сочэ щыIэ зэпеуэхэрщ.

ХЬЭТАУ Исльам.

XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм кьыщахьа медалхэр *(мазаем и 12-рэ хэту)*

Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1. Германие	6	1	1	8
2. Канадэ	4	4	2	10
3. Норвегие	4	3	5	12
4. Голландие	4	2	4	10
5. США	3	1	5	9
6. Швейцарие	3	0	1	4
7. Урысей Федерацэ	**2**	**4**	**3**	**9**
8. Австрие	1	4	0	5
9. Словение	1	1	2	4
10. Франдзы	1	0	2	3

Дунэйм щыкъыбархэр

Дяпэкlэ Iэпапlэхэри тетынущ

Ди щIыхуэхэм я хамэ къэрал паспортхэм 2015 гъэм къыщыщIэдзауэ тетынущ ахэр зейхэм я Iэпапlэхэр. УФ-м и Правительствэм дыгъуасэ къыдигъэкIащ абы теухуа унафэ.

Абы теухуа законопроектым Къэрал Думэр арэзы техьауэ щытащ 2013 гъэм и кlэухым. ЩIыхум и Iэпхъуамбитым я пIэхэр зытетынур а дафтэрхэм я закъуэщ икIи ахэр зыт Iуэхущапlэхэм абыхэм щапхъэ трахыну, а щэхухэр нэгъуэщI щIыпlэ хэIущIыIу щащIыну хуиткым.

ЦIыху 77-рэ хэкIуэдащ

Вэсэмахуэ Алжирым къуэкIыпlатэ кьыщецхуэхри, абы исахэм ящыщу 77-р хэкIуэдащ, псэууэ кьелар зы закъуэщ.

Тамаррассет кьалэм икIыу Константинэ кIуэ къуэкIыпlатэр Джебель-Фортас къуршыщыкIэм еуащ. IэщlагъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, къуэкIыпlатэзэхуэхэм зэран яхуэхъуащ дунейр кIагъэпlшагъэу, уэсым уимыгъапlэу зэрыщытар.

КъызэратамкIэ, къуэкIыпlатэм исахэм я нэхъыбэр дзэм къулыкъу щызэпlуащ. Абы щынагъуэм хэкIуэдахэм махуищкIэ яхуэщIыгъэну унафэ ищIащ къэралым и президент Бутефлика Абдельазиз.

Фы къахудэкIуэну щогугъ

Корее Ипщэмрэ Ищхъэрэмрэ зэкIужьныным хуэгъэза пlэбфакъуэ дыгъуасэ ячауэ жыпlэ хъунущ.

А къэралхэм я унафэщIхэм я лIыкIуэхэр щызэIущIащ я гъунапкъэм хуэзэ Пхынмунчжом щIыпlэм. Корее Ипщэм щыщу абы къэкIуащ правительствэм лъэпкъ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретариатым и унафэщI Ким Гю Хен, КНДР-м и лIыкIуэт фронт зэгуэтым и унафэщым и кьуэдзэ Ен Дон Вон.

Зэпсэлъэныгъэхэм хэтынухэм нэхъапэIуэкIэ зэрыжаIамкIэ, ахэр телсэлъыхьынущ илъэс кущ хьуауэ, 1950 - 1953 гъэхэм екIуэкIа зауэм льандэрэ, зэпlэщIэу псэу унагъуэхэр зэхуэгъэзэным.

Иужьрейуэ къэралитIым я унафэщIхэр щызэIущIар 2007 гъэрщ. Абы льандэри ахэр нэхъ зэгурыIуэжаи пхужыIэнукъым, уеблэмэ зыгурэкэр зэпаубыдурэ зэхуэхьэдэ, зэхуэдэ щIэзэ. ЦIыхухэр щогугъ иджырей зэпсэлъэныгъэхэм къэралитIым щыпсэухэми фы къахудэкIуэну.

НОБЭ

◆Радиом и дунейпсо мазэщ

◆Саха Республикэм щагъэпlапlэ я анэдэлъхубзэм и мазэр.

◆1924 гъэм Ставрополь крайр къызэрагъэпэщащ.

◆1945 гъэм советыдзэхэм хуит къащIыжащ Венгриием и къалащхьэ Будапешт. Абы папщIэ екIуэкIа зауэхэм хэкIуэдат совет сэлэт мин 80, уIэгъэ хъуахэм я бжыгъэр мин 200-м щIигъурт.

◆1929 гъэм инджылыз микробиолог Флеминг Александр пенициллин хущхъуэр зэхилъхьащ.

◆Урыс тхакIуэшхуэ **Крылов Иван** къызэралъхьэр илъэс 245-рэ ирокIу.

◆Кавказ тхыдэжк, адыгэхэм куэдрэ ятетхыха, жылагъуэ лэжьакIуэ **Щербинэ Фёдор** къызэралъхьэр илъэс 165-рэ ирокIу.

◆Уэрэзджыдзкlуэ цIэрыIуэ,Урысейм и цIыхубэ артист **Шаляпин Фёдор** къызэралъхьэр илъэси 141-рэ ирокIу.

◆Режиссёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Куканэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«propoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

Мафlэм псыр кьегъавэ, псывэм мафlэр егъэункIыфI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щIышылэм и 22-м къыдигъэкIа Указ №22-УГ-мкIэ кьиущащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэныкIэ щыIэ советым лъэпкъ проект пэрытхэмкIэ ведомствохэм зэдай и лэжьакIуэ гупхэм ятеуха

ПОЛОЖЕНЭ

1. Лъэпкъ проект пэрытхэмкIэ ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэр (адэкIэ - ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэр) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэныкIэ щыIэ советым и деж къыщыIэрагъэпэщ лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэным, апхуэдэу аэр зэрагъэзащIэм кIэлъплъыным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр хэтын папщIэ илэжьыну Iухуэхэр зэхалъхьэн щхьэкIэ.

2. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и лъабжьэщ Урысей Федерацэм и Конституцэр, федеральнэ законхэр, Урысей Федерацэм и адрей хабзэ мардэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмра, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэр, мы Положенэр.

3. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм ятеуха Положенэмра абыхэм я хэтхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къещтэ.

4. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм я лэжьыгъэм ягъэува хабзэхэм тету кьыхашэ хьунущ гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органхэм, гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм IэнатIэ лъагэ щызыIыгъ кьулыкъущIэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

5. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм я IуэхуитIыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж къыщыIэрагъэпэщ лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэным, апхуэдэу аэр зэрагъэзащIэм кIэлъплъыным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр хэтын папщIэ илэжьыну Iухуэхэр зэхалъхьэн щхьэкIэ.

6. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ:

лъэпкъ проект пэрытхэр зэрагъэзащIэм хэлъ ныкъуасаныгъэ кьыщIагъэщхэр зэгъэзэхуэжьныным хуэгъэзауэ гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зэгъэуIуныр;

кьыщIагъэщэ ныкъуасанысгъэхэр гъэзэкIуэжьныныкIэ зыхуэфащэ материалхэмрэ лэжьыпхъэхэмра зэхэлъхьэныр;

лъэпкъ проект пэрытхэр муниципальнэ щIыналъэхэм зэрыщагъэзащIэм пыщIа Iуэхуэхэм щыхэплъэкIэ хэтыныр;

7. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэр зэрагъэувэ щIыкIэм хуэдэу цIыхубэ хьыбарегьащIэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядолажьэ лъэпкъ проект пэрытхэр зэрагъэзащIэр къэгъэльэгъуэныным теуауэ.

8. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм езыхэм къабгьэдэхуэ я къалэнхэр ягъэзащIэн папщIэ хуитыныгъэ яIэщ:

езыхэр зыхуэй материалхэм щыIэ хабзэхэм тету гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIэныгъэ, кьиныжыщ гуп низацэхэм щыщIэупщIэну икIи аэр кьыIахыну;

езыхэм ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIэныгъэ, кьиныжыщ гуп низацэхэм щыщIэупщIэну икIи аэр кьыIахыну;

езыхэм ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIэныгъэ, кьиныжыщ гуп низацэхэм щыщIэупщIэну икIи аэр кьыIахыну;

щIэнымрэ япыщIауэ гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, щIэныгъэ кьиныжыщ гуп низацэхэм ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм, конференцэм, семинархэм хэтын папщIэ езыхэм я лIыкIуэхэр ягъэкIуэну.

9. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм я зэIущIэхэр ягъэхьэзыр икIи кьызэрагъэпэщ, апхуэдэу абыхэм я лэжьыгъэм пыщIауэ махуэ кьэс кьыкьуэкI Iуэхуэхэр зэблагъэкI ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм я секретархэм.

10. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм я зэIущIэхэр хуей щыхъум деж, ауэ, зэрыхабзэу, кварталым зэ плъхъэ мынэхъ мащIэрэ ирагъэкIуэкI.

11. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм я зэIущIэхэр а гупхэм я унафэщIхэм ирагъэкIуэкI. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм кьащта унафэхэр протоколу ятхыж.

12. Ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупхэм ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм ятеуха материалхэр а гупхэм я унафэщIхэм иратыж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэныкIэ щыIэ советым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щIышылэм и 22-м къыдигъэкIа Унафэ №22-УГ-мкIэ кьиущащ

«Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Къуадзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и унафэщIщ)*

Бэжьгыгу Т. А. - Къэбэрдей-Балъкъэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрствэм хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ зегъэужьынымкIэ, лэжьыгъэкIэ зэпеуэныкIэ и департаментым и унафэщIыр

Бердюжэ В. И. - «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и правленэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыIуауэ)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Несутулов В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Сидорук Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрствэм экономикэ анализымкIэ, прогнозхэмкIэ, субсидиехэмкIэ, кьуажэ щIыналъэхэм зегъэужьыныкIэ и департаментым и унафэщIыр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и секретарщ)*

Сыжажэ Хь. Л. - Бахьсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Сокъур А. О. - «Урысей Мэкъумэш банк» акционер зэгухьэныгъэ зэIуакIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм и унафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

ЛIыхъуту Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIы IуэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Шэт М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Ещтрэч С. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щIышылэм и 22-м къыдигъэкIа Унафэ №22-УГ-мкIэ кьиущащ

«Узынщагъэ» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и унафэщIщ)*

АфIэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Боттаев Хь. Б. - «Къалэ клиникэ сымаджщ №2» узынщагъэр хуэмэныкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*.

Жанатаев С. А - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хуэмэныкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Кьанокъуэ А. А. - ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховэнэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыналъэ фондым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*.

Кьанокъуэ А. Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Мэкъуауэ Э. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынщагъэр хуэмэныкIэ курортхэмкIэ и министрствэм къэрал шэсыпIэхэмкIэ щIыналъэ программэр, «Узынщагъэ» лъэпкъ проектыр, узынщагъэр хуэмэныкIэ и Iэнатlэр къэгъэщIэрэщIэжьныкIэ программэр зэрагъэзащIэм кIэлъплъныныкIэ и кьудамэм и унафэщIыр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и секретарщ)*

Шоджэн Н. З. - Налшык къалэм щыIэ «Къалэ сымаджэщ №1» узынщагъэр хуэмэныкIэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапи Iэм и дохутыр нэхъыщхьэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щIышылэм и 22-м къыдигъэкIа Унафэ №22-УГ-мкIэ кьиущащ

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и унафэщIщ)*

АфIэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Байчекуевэ Н. Хь. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионально щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапи Iэм и педагогикэ колледжым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бирюк А. А. - Прохладнэ кьалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Дол А. З. - Налшык къалэм округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Жамборэ Р. Хь. - Налшык къалэм дэт «Гимназие №14» курыт щIэныгъэ щIагъэгъуэт муниципальнэ бюджет Iуэхущ Iапи Iэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Жариковэ Е. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрствэм и зыужьныгъэмрэ информатизацэмкIэ программэмкIэ къудамэм и унафэщIыр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и секретарщ)*

Индрокъуэ М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министрствэм социальнэ IэнатlэмкIэ и кьудамэм и унафэщIыр

Къарамырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионально щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапи Iэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

Малкаров А. А. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Саенко Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Туменов М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Администрацэм къэрал кьулыкъуэм, коррупцэм пэщIэтыным, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным я IуэхуэхэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Щыкымырзэ М. М. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрствэм «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университет» профессионально щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт и федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапи Iэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щIышылэм и 22-м къыдигъэкIа Унафэ №22-УГ-мкIэ кьиущащ

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм - тыншыпIэ псори зиIэ псэупIэ еэзгърабгъухэр» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Уянаев К. Хь.-М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и унафэщIщ)*

Аслъэнхъу Къ. М. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэм *(зэгурыIуауэ)*

Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэкIэ, псэупIэ-къэлэдэсыгъэмкIэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Кладько И. Е. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Мэремыкъуэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Тутыкъу М. Хь. - «Урысейм и ХьумапIэ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэIуакIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ Iапи Iэ №8631-м и унафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Хьэщпакъ С. Хь. - Бахьсэн кьалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Швачий Т. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и секретарщ)*.

● Пресс-конференцхэр

Псори щIэщыгъуэщ, дахэщ, хэIэтыкIащ

Ди газетым хъыбарегъащIэу зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и къэлэнхэр зыгъэзащIэ Фырэ Руслан иригъэкIуэкIащ Сочэ щекIуэкI ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм зэрыщыIа махуэхэм, абы щиалъэгъуахэм ятеуха пресс-конференц Республикэм и телевиденэхэм, радиом, газетхэм я журналистхэм яфIэгъэщIэгъуэнт тхыдэм кьыхэнэну Iуэху дахэм екъэлIа сыт хуэдэ хъыбарри.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

- Ди республикэм дежкIэ Олимпиадэр тIэкIу нэхъ пасэу щIидзащ, - къыхигъэщащ министрым, - сыту жыпIэмэ, Дунейпсо Олимп комитетым и сессиер къыщызэIуихыж зэIущIэм (мазаем и 4-м), ди къэралым и Президент Путин Владимир, езы комитетым и унафэщIым, къэралхэм я лIыщхьэхэр зыщIэсам, хэтащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэракIуэ ансамблым и артистхэр - Кавказ Ищхъэрэм икIа гуп закъуэр. Аращи, «Кабардинка»-р абы лъандэрэ Сочэ щыIэщ. ИтIанэ хэIэтыкIауэ езы Олимпиадэ хужьыр къызэIуахащ.

Къыхэбгъэщмэ, апэрэ Сочэмрэ иджы дызрихьэлIамрэ, зэрыжаIэу, шурэ лъэсрэ я зэхуакуш. ГъэущIагъуэ, ухуэныгъэкIи, езы кьалэм и теплъэ псомкIи къащтэмэ, щIэращIэщ, зиужьащ, дэнэ щIыпIэ кьикIа цIыхуми утемыукIытыхьуебгъэлъагъу хъуну. «Фыщт» стадионращи, нэри пэри ехь, кьэбгъэлъагъуэмэ, Налшык нэхъ ин дыдэу дэт унэшхуэхэм ящыщу зыбгъупщI ихуэну абы абрагъэущ.

Арэзы укъэзымыщI гуэрхэр я кьызэгъэпэщыкIэм хэслъагъуами, псори дахэт, щIэщыгъуэт, хэIэтыкIат. ГъэщIэгъуэныщэт Урысей Федерацэм и къэпкъэм я гъэлъэныгъэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэр дызэгурыIуэу зэгъусэу утыку кьитхьа экспозицэм дэтхэнэ щIыналъэми и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, лъэпкъхэр дызыхуэIэзэхэр щыдгъэлъагъуэ плIанэпэ щхьэхуэхэр щыхуэхтхат. IэщIагъэм и щэхуэхэм зэрыщыхагъэгъуазэм кьыдэкIуэу, хьэпшып, сурэт зэмылIэужьыгъуэу здэтшахэр тыгъэ яхуэтщIырт хьэщIэхэм. «Адыгэ унэр»-щэ! Абы дэтхэнэри щыгъуазэ щыхъурт лъэпкъым и тхыдэмрэ и хабзэхэмрэ.

ЖыпIэнуракъэ, Сочэ адыгэхэм я щIыналъэ зэрыщытам теухуауэ жаIа щымыIэу кьызыщыхъухэр мымащIэми, дэ абы щыдгъэлъэгъуа щэнхабзэ программэр (ди республикэм икIауэ абы хэта творческэ гупыр цIыху 60 хъурт) лъэпкъыр зэрыпсэур, зэрефIакIуэр дуней псом кьыщащIэгъуэныгъэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэр дызэгурыIуэу зэгъусэу утыку кьитхьа экспозицэм дэтхэнэ щIыналъэми и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, лъэпкъхэр дызыхуэIэзэхэр щыдгъэлъагъуэ плIанэпэ щхьэхуэхэр щыхуэхэтхат. IэщIагъэм и щэхуэхэм зэрыщыхагъэгъуазэм кьыдэкIуэу, хьэпшып, сурэт зэмылIэужьыгъуэу здэтшахэр тыгъэ яхуэтщIырт хьэщIэхэм. «Адыгэ унэр»-щэ! Абы дэтхэнэри щыгъуазэ щыхъурт лъэпкъым и тхыдэмрэ и хабзэхэмрэ.

ЖыпIэнуракъэ, Сочэ адыгэхэм я щIыналъэ зэрыщытам теухуауэ жаIа щымыIэу кьызыщыхъухэр мымащIэми, дэ абы щыдгъэлъэгъуа щэнхабзэ программэр (ди республикэм икIауэ абы хэта творческэ гупыр цIыху 60 хъурт) лъэпкъыр зэрыпсэур, зэрефIакIуэр дуней псом кьыщащIэгъуэныгъэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэр дызэгурыIуэу зэгъусэу утыку кьитхьа экспозицэм дэтхэнэ щIыналъэми и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, лъэпкъхэр дызыхуэIэзэхэр щыдгъэлъагъуэ плIанэпэ щхьэхуэхэр щыхуэхэтхат. IэщIагъэм и щэхуэхэм зэрыщыхагъэгъуазэм кьыдэкIуэу, хьэпшып, сурэт зэмылIэужьыгъуэу здэтшахэр тыгъэ яхуэтщIырт хьэщIэхэм. «Адыгэ унэр»-щэ! Абы дэтхэнэри щыгъуазэ щыхъурт лъэпкъым и тхыдэмрэ и хабзэхэмрэ.

ЖыпIэнуракъэ, Сочэ адыгэхэм я щIыналъэ зэрыщытам теухуауэ жаIа щымыIэу кьызыщыхъухэр мымащIэми, дэ абы щыдгъэлъэгъуа щэнхабзэ программэр (ди республикэм икIауэ абы хэта творческэ гупыр цIыху 60 хъурт) лъэпкъыр зэрыпсэур, зэрефIакIуэр дуней псом кьыщащIэгъуэныгъэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэр дызэгурыIуэу зэгъусэу утыку кьитхьа экспозицэм дэтхэнэ щIыналъэми и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, лъэпкъхэр дызыхуэIэзэхэр щыдгъэлъагъуэ плIанэпэ щхьэхуэхэр щыхуэхэтхат. IэщIагъэм и щэхуэхэм зэрыщыхагъэгъуазэм кьыдэкIуэу, хьэпшып, сурэт зэмылIэужьыгъуэу здэтшахэр тыгъэ яхуэтщIырт хьэщIэхэм. «Адыгэ унэр»-щэ! Абы дэтхэнэри щыгъуазэ щыхъурт лъэпкъым и тхыдэмрэ и хабзэхэмрэ.

ЖыпIэнуракъэ, Сочэ адыгэхэм я щIыналъэ зэрыщытам теухуауэ жаIа щымыIэу кьызыщыхъухэр мымащIэми, дэ абы щыдгъэлъэгъуа щэнхабзэ программэр (ди республикэм икIауэ абы хэта творческэ гупыр цIыху 60 хъурт) лъэпкъыр зэрыпсэур, зэрефIакIуэр дуней псом кьыщащIэгъуэныгъэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэр дызэгурыIуэу зэгъусэу утыку кьитхьа экспозицэм дэтхэнэ щIыналъэми и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, лъэпкъхэр дызыхуэIэзэхэр щыдгъэлъагъуэ плIанэпэ щхьэхуэхэр щыхуэхэтхат. IэщIагъэм и щэхуэхэм зэрыщыхагъэгъуазэм кьыдэкIуэу, хьэпшып, сурэт зэмылIэужьыгъуэу здэтшахэр тыгъэ яхуэтщIырт хьэщIэхэм. «Адыгэ унэр»-щэ! Абы дэтхэнэри щыгъуазэ щыхъурт лъэпкъым и тхыдэмрэ и хабзэхэмрэ.

ЖыпIэнуракъэ, Сочэ адыгэхэм я щIыналъэ зэрыщытам теухуауэ жаIа щымыIэу кьызыщыхъухэр мымащIэми, дэ абы щыдгъэлъэгъуа щэнхабзэ программэр (ди республикэм икIауэ абы хэта творческэ гупыр цIыху 60 хъурт) лъэпкъыр зэрыпсэур, зэрефIакIуэр дуней псом кьыщащIэгъуэныгъэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэр дызэгурыIуэу зэгъусэу утыку кьитхьа экспозицэм дэтхэнэ щIыналъэми и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, лъэпкъхэр дызыхуэIэзэхэр щыдгъэлъагъуэ плIанэпэ щхьэхуэхэр щыхуэхэтхат. IэщIагъэм и щэхуэхэм зэрыщыхагъэгъуазэм кьыдэкIуэу, хьэпшып, сурэт зэмылIэужьыгъуэу здэтшахэр тыгъэ яхуэтщIырт хьэщIэхэм. «Адыгэ унэр»-щэ! Абы дэтхэнэри щыгъуазэ щыхъурт лъэпкъым и тхыдэмрэ и хабзэхэмрэ.

ЖыпIэнуракъэ, Сочэ адыгэхэм я щIыналъэ зэрыщытам теухуауэ жаIа щымыIэу кьызыщыхъухэр мымащIэми, дэ абы щыдгъэлъэгъуа щэнхабзэ программэр (ди республикэм икIауэ абы хэта творческэ гупыр цIыху 60 хъурт) лъэпкъыр зэрыпсэур, зэрефIакIуэр дуней псом кьыщащIэгъуэныгъэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэр дызэгурыIуэу зэгъусэу утыку кьитхьа экспозицэм дэтхэнэ щIыналъэми и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, лъэпкъхэр дызыхуэIэзэхэр щыдгъэлъагъуэ плIанэпэ щхьэхуэхэр щыхуэхэтхат. IэщIагъэм и щэхуэхэм зэрыщыхагъэгъуазэм кьыдэкIуэу, хьэпшып, сурэт зэмылIэужьыгъуэу здэтшахэр тыгъэ яхуэтщIырт хьэщIэхэм. «Адыгэ унэр»-щэ! Абы дэтхэнэри щыгъуазэ щыхъурт лъэпкъым и тхыдэмрэ и хабзэхэмрэ.

● Сочэ Олимпиадэм и хьэщIэхэр

Олимп Джэгухэм зыщагъэпсэху Адыгэ къэрал университетым и ректор Хъунэгу Рэшидрэ модельер СтIащ Юрэрэ.

«Адыгэ унэм» хьэщIэ и куэдщ.

● Къэрал Iуэхущ Iапи Iэхэм

Мазэ къэс я нэгу зрагъэужь

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым кьиущауэ къэралым и щIыналъэ 55-м щагъэзащIэ «Унагъуэ быдэ» проектым ди республикэри ящыджэру хэтщ. Абы ипкъ иткIэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министрствэм унагъуэ лъапIэныгъэхэр гъэбыдэным, сабий зеинщэхэм ядэIэпыкъуным, унагъуэ узынщэмрэ гъэсэныгъэмрэ я мыхьэнэр жылагъуэм нэхъри зыхегъащIэным щхьэ псапащIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьиузрегъэпэщ. Проектыр кьиузрыхалъхьэрэ дэкIа илъэсищым кьрибыдэу щытыкIэ гугъум ихуа унагъуэхэм ящыщ сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ защIэгъэкъуэным хуэунэтIа акцэу гъэпщым щIигъу ирагъэкIуэкIащ. Апхуэдэущ «Гуапагъэм и тхъэмахуэ», «Уи хьэупсапIэр зэгъэхъулIэ», Гъуазджэм и дунейр - сабийхэм» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри. КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэр я щIэгъэкъуэну унагъуэщхэхэм, щытыкIэ гугъум кьихута унагъуэхэм я сабий тхущым щIигъу мазэ къэс республикэм и щIыпIэ дахэхэм зыбыхьакIуэ ящынущ. Кьащтэмэ, Прохладнэрэ Нарткъалэрэ ящыщ ныбжьыщIэхэм Гуэл щхьэантIэхэмрэ Шэджэм псыкъелъхэхэмрэ я нэгу зыщрагъужьащ.

«Уиагъуэ быдэ» проектыр пхыгъэкIыным и Iуэхум ящыджэру зэрыхэтым папщIэ, абы и унэтIакIуэ, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Тюбеев Альберт «Урысей зэкъуэт» партым и Гъэзэщ Iакъуэ комитет нэхъыщхьэм и ФIыщIэ тхыль кьыхуагъэфащащ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Федерацэмкlэ Совет

Дэlэпыкъуэгъу мыпсынщlэ

Узышлагъэр хъумэнымкlэ федеральнэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакlэр 2015 гъэм цlэлъэжьауэ зыlыхъэнкlэ хъунущ. Iмал зимыlэ медицинэ страховани мкlэ фондым (ФОМС) и мылькур хуримкъукым, къэрал бюджетым медицинэм хухих мылькур игъэмащlэмэ. Федерацэмкlэ Советым социальнэ политикэмкlэ и комитетым и зlуцlэм я Iуэхум кьызригъэзэжаи щытепсалъыкъаи сенаторхэмрэ медицинэм и лэжьакlуэхэмрэ я эмышlэ. Минфинымрэ Къэзыбж палатэмрэ щыщ lэщlагъэлlэхэри.

УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкlэ федеральнэ Iуэхущlапlэхэм я щытыкlэм и удын нэхъыбэр зытехуэнур. Абы хэм трагъэкlуадэ къэрал мылькур мы гъэм процент 35-кlэ ягъэмэщlащ, къыкlэльыкlуэну илъэситlым а бжыгъэр 50-м нагъэсыну я мурадщ. Яхуримыкку мылькур щlынальхъэмрэ ОМСмрэ я деж кьыщалъхьуэн хуейуэ аращ. Медицинэ страховани щlат Медицинэ страхованэм щlат зыгъэрыхагъэхьуам Iуэхур иригъэфlакlуакъым.

Соколовым и щlэр зезыхьэу Санкт-Петербург дэт клиникэ сымаджэщ №122-м и дохутыр нэхъыщхьэ Накатис Яков кьыгъэлъэгъащ зэхъуэкlыныгъэм иджы щы-щlэдзауэ къырикlуэр. Ар зи унафэщl клиникэр зи нэlэ щlэт Федеральнэ медико-биологие агентствэм зыкъызэрыщlигъакъуэу щыта мылькур игъэмэщlащ. ОМС-м и дэlэпыкъуныгъэмкlэ къудрэ упсэуфынукъым, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, клиникэм и бюджетым и процентн 10-рщ абы кьыбгъдэкlыр. Хэкlыпlэу щыlэр - коммерцэ Iуэхурщ. «Щlыхъэхэм технологие лъагэхэмкlэ защlэгъэкъуэным хуэдэ ахъшэм сом мелуан 240-рэ кlэрадащ, иджы щlыху мини 6-м абы пщlэ щlатын хуейщ», - жиIащ Накатис Яков.

Щlыналъэхэм федеральнэ нэхъыбэу зыгъэпсынкlейтеиф лыщхъуфэр гъэхъуэкъыным ехъулlа Iуэхурщ. Иджы абы елъэзэну Iэмал яlэжьнукъым, операцэ ящl мыхьэмэ. Стационар кьудамэрэ гъуэтыгъуэфlэу щытыжьнукъым сымаджэхэм я деж кlэ - гъэлъапlэ 650-м щыщу 400-м пщlэ щlату щытын хуейщ. Иджыри зы щапхъэ: зи тхьэкlумэм зэхимых сабий 700-м страховой аппарат дяпэкlэ иратынукъым.

Щlыналъэхэм федеральнэ медIуэхущlапlэ псори апхуэдэ гугъуехь зэрыхэхуам. Голиковэр зи унафэщl ведомствэми кьыщахутащ къэрал псом ис щlыхъэр дэlэпыкъуныгъэ нэхъ гугъуэхэм хуэныкъуэу зызыхуагъазэ апхуэдэ клиникэхэм дохутыр нэхъыфlэр кьыздэгъуэкlыжым.

Щlыналъэхэм къэралым кьыбгъдэкlи ахъшэ дэlэпыкъуныгъэхэр, дауи, яlэрохьэ, узыншагъэр хъумэн Iэнатlэм зрагъэжьын щхьэкlэ, ауэ медицинэ Iуэхущlапlэхэр езыхэм «игъэпсэужыну» кьатохуэ.

2015 гъэм и ужькlэ, технологие льагэхэр кьыщагъэсэбэп медицинэри ОМС-м Iэщlалъхьажмэ, федеральнэ Iуэхущlапlэхэр зыхуэныкъуэр нэхьыбжж хъунущ.

Финансхэмкlэ министерствэри арэзы тохьэ гугъуехь зэрыщыlым. Социальнэ Iэнатlэмрэ щlэныгъэмрэ Зеленский Владимир ахъшэ щlахуримыкъум и щхьэусыгъуэр зыхильагъуэр ОМС системэмкlэ лжьэну уеблэ клиникэ куэдыIуэ кьызэрыкъуэкlарщ. «Iуэхущlапlэхэр нэхъыбэ хьуху, дэтхэнэми льыс ахъшэр нэхь мащlэщ», - жиIащ къулыкъущlым. Абы кьызэуэсахэр кьыхуриджащ зи гугъу ящl системэм клиникэхэр зэрыхагъэкlыжьын Iэмал кьагупсысыну, армыхъумэ, ахъшэр сымаджэщ бжыгъэншэм трагуэшэн хуей хъунущ.

Щlыналъэхэм федеральнэ клиникэхэм ахъшэ щIрамытым и гугъу щищlым, Зеленскэм кьыхигъэщащ Президентым и май унафэхэр, медицинэм и лжьакlуэхэм я улахуэм хагъэхьуну кьыщыгъэльэгъуаехэр, гъэзэщlэным а хэлъгъуэгухэр егаркlэ пэлъэщу зэрыарар. Кьащтэмэ, къулыкъущlэм зэрыжиIамкlэ, къэралым щlынальхъэм яхухих ахъшэ дэlэпыкъуныгъэр (субвенцэхэр) «дэни макIуэ», федеральнэ клиникэхэм кьищынэмыщlа.

- 2015 гъэр узышлагъэр хъумэн Iэнатlэм дежкlэ нэхъ гугъуэ хъунущ, федеральнэ сымаджэщхэр ОМС системэм хэдмыгъэхьэмэ , - жиIащ Минфиным и лIыкlуэм.

Сенаторхэм ягъэщlэгъащ бгъэдыхьэкlэщlэр щlыналъэхэм щамыгъэунэху щыкlэ лажьэу зэрырагъэжьар. Iуэхум и кьыпlэу зэхуэсхэм кьагъэлъэгъуар зыщ: къэрал-уней зэдзэлжьэныгъэм зегъэжьынырщ, абы и телъхьэщ Путин Владимири.

ЗАМАХИНЭ Татьянэ.
«PI»

● Ахъшэ

Сомыр долларкъым, псоми ягу ирихьын хуэдэу

Лъэпкъ валютэм теухуа упщlитху

Зы илъэсым къриубыдэу сомыр хуабжьу пуд хъущ. Иужьрей махуэхэм нэхъ щlэхуэбжьауэ ёокIуэкI ахъшэм епха зэхъуэкIыныгъэхэр. Еврэмрэ долларымрэ егъэлеяуэ лъапlэ хъущ. Сыт абы кьрикIуэнкlэ хъунур?

Сыт сомым и лъэр щlынщlэхур?

Абы Iуэхугъуэ зыбжанэ щхьэусыгъуэ хуэхъущ. Япэрауэ, дунейпсо Iуэхущ. Экономикэ зызыужьхъэр кризис нэужьым зэтеувжу хуежьащи, инвестохэм ар кьагъэсэбэпу ахъшэ кьалэжьыну хуейщ. Абы ипкъ иткlэ, абыхэм зи Iуэху нэхъ хуэкIуэ къэралхэм я мылькум щыщ кьащтэурэ доллар е евро активхэм хальхъэ.

- Сомыр пуд хъууэ арахьы, валютэр лъапlэ хъууэ аращ, - жиIащ Центробанкым и Iэтащхьэ Набиуллинэ Эльвирэ.

Къэрал щlыбым епха щхьэусыгъуи иIэщ мы Iуэхум. Урысей экономикэр идкъыпсту и пlэ итщ (стагнацiя), иэгъэщIу жыпIэмэ, экономикэ зыужьынырыгъэм хэхъуэ лъэпкъ иIэкъым. Араща, сомым и пщlэр зыIыгъын кьару бгъэдэлъкъым.

ФIы гуэри хэлъщ

Экономикэр зэрыщыту кьащтэмэ, лъэпкъ валютэр зэрыкъаруушэр фейдэ мэхъу. Долларыр нэхъ лъапIэху, бюджетым сом нэхъыбэ хэлъщ. Iуэхур зыIутыр мыращ: къэрал мылькур зыгъэбагъуэр щIыдагъэмрэ газымрэ валютэкlэ зэращэрщ.

ЗэрыгурыIуэгъэщи, валютэр зэрыльапIэр я фейдэщ хамэ къэралхэм щащэн хъэпшыпх кьыщIэзыгъэкI компаниехэм я дежкIи.

Сомыр зэрыщудым къэралыр зэрыхуэ щытыкlэ гугъэм кьриушьынэ хуейщ. Ауэ ар кьыщыдэхъулIэнур щытыкlэр кьэдгъэсэбэпыфмэщ.

Уасэхэр дэуеину?

Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди къэралым щащэм и пощlэ 40-р хамэ къэралхэм щащlащ. Мис абыхэм я уасэм хэмыхъуэнкlэ Iэмал иIэкъым.

ЩIымахуэм ди бэзэрхэм тель пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкlэхэмрэ къащэну аращи, псом яп аэр лъапIэ хъунущ. Шэм кьыхэщIыкIа ерысакьыкlэ дызыгъашхэр ди къэралымрэ Белоруссиемрэщи, абыхэм я уасэр хэхъуэ ми, мащlэ дыдэущ зэрызэхэщlэнур, гъэм и зэманым ельытауэ нэхъ лъапIэ зэрыхъум щхьэкlэ. Псоми зэращlэщи, щIымахуэм и кlэмрэ гъатхэм и пэмрэ жэмхэм кьащlэкI щэр сыт щыгъуи нэхъ мащlэщ.

Лым и Iуэхур нэхъ гугъущ. Джэдкьазыр ди деж щагъэхъуми, былымылым и ныкъэхур хамэ къэрал кьрашу аращ. Нэкулхэми хальхъэм я нэхьыбэр нэгъэщlэ кьэрал кьыщащlэху.

Ди хэкум кьыщыщIагъэкI техникэр (хамэ къэралыцIэхэр яIэу ди къэралым щащI телевизорхэр, щIылалъэхэр, зэрыжьыщlэ Iэмэпсымэр, н.къ.) лъапIэ хъун хуейкъым. Ауэ компьютерхэмрэ телефонхэмрэ зэрыщыту кьашэу аращи, я уасэм хэхъуэми бгъэщlагъуэ хъунукъым.

Хамэ къэрал ахъшэ къэщlэхун хуей?

ФыкъыкIэрыхуащ. Валютэр нэгъабзэ кьыщыфщэхун хуеяр. Идкъыпсту валютэхэм я курсхэмкIэ улэжьхэмыр хуабжьу гугъущ. ИкIи гъащlэм къызэригъэльэгъуамкIэ, мы щытыкIэм фейдэ къыхэзыхыныр инвестор ехьэжьахэм я закъэщ. КьызэрыгуэкI цIыхухэм я ахъшэ гъэтIылъыгъэхэр валютэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ яхъумэмэ нэхьыфIщ. Псалъэм пащlэ, процент 50-р - сомкIэ, адрей ныкъуэр - валютэкIэ. Апхуэдэу щытмэ, нэхъ тынщщ икIи нэхъ хъума хъунщ. Ахъшэу уиIэр зэщlэпкъуэу банкым хъуэжакIуэ укIуэныр кьемызэгъащ, тыкуэнхэм дызэрыщащхэр сомщи.

Гъэмахуэм Европэм, Америкэм зыгъэпсэхуакIуэ фыкIуэну фи мурадмэ, валютэр кьыфхуэсэбэпыжынущ. Центробанкым и Iэтащхьэ Набиуллинэ Эльвири дигу кьигъэкIыжащ экономикэм и зы щхэх: ахъшэ лIэужьыгъуэ кьэвгъэсэбэпращ зефхьэн хуейри.

АдэкIэ сыт?

ЦБ-м и унафэщI Набиуллинэми экономикэмкIэ министр Улюкаев Алексей я Iуэху еплъыкIэр эятохуэ. Къулыкъущlэхэм быдзу я фIэщ мэхъу мы гъэм сомым и пщlэр зэрыдзуеижынур. Нэгъэщlэ экономистхэм къызэралытытэмкIэ, сомыр нэхъ зэпIэзэрыт хъунур, зы долларым сом 35-рэ хуэзэнущ.

Къэбгъэльэгъуэмэ, зэман гъунэгъэчыми сомым зиIэтыжьныр зыхуэIуа щыIэкъым. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, налогхэр щытын хуей пIалъэр кьос. Компание инхэм я валютэ гъэтIылъыгъэхэр къызыкъуахьыу сомкIэ яхъуэжьын хуейщ. Араща, валютэу кьагъэсэбэпыр нэхъыбэ хъунур, я уасэри ехуэхьыжынущ.

БЕРОЕВЭ Нигинэ.
«Комсомольская правда»

● Хабзэщlэ

Къытраххэр ящэж

Къэралым ирырамыгъэшу е къырамыгъашэу таможнэм и лэжьакIуэхэм щыкъэхэм кьыщыпхъ хьэпщыпыр сом минищ ипкъ нэхьрэ мынэхъ льапIэмэ, дяпэкlэ дэтхэнэми кьищэху хьунущ. Хьэпщыпым и щlэупщlэр инмэ - аукционкlэ, щIыкIуиэ - кьыззэригъэкI Iэмалкlэ ящэну хуит ящlащ.

АБы ПЩIIА Iуэхухэр Къэрал мылькур зегъэжIуэнымкlэ Федеральнэ агентствэмрэ абы и щIыналъэ кьудамэхэмрэ я пщlэ дальхьащ. Абыхэм ящэ хьэпщыпым ехьэлIа хьыбарегъащlэ ягъэхьэзыру www.torgi.gov.ru сайт хэхам, апхуэдэурэ Къэрал мылькур зегъэжIуэнымкlэ Федеральнэ агентствэмрэ абы и щIыналъэ кьудамэхэмрэ я сайтхэм къэралыкъэн хуейщ.

Хьэпщыпым щlэупщlэ имыдэмэи, абы и уасэр и ныкъуэм хуэдизкlэ фIэкlа ирагъэхьину хуиткъым. Хьэпщыпр кьэзыщхэунухэр кьыхатхыкI, нужькlэ сату Iуэхумкlэ зэгурыIуэныгъэ зэращlылIэри, адэкlэ ар зэрырагъэкIуэкlам, абы кьрикIуам теуха хьыбар Интернетым кьралъхьэж. Хабзэмкlэ хьэпщыпым кьыщlэмыупщlэмэ, пэщlугъэ уасэм щегъэжьауэ лъэбакъуэ кьэс и Iыхь планэр кlэрагъэхьэгъуэ Iэбэгъуитlкlэ макIуэ.

IэщlагъэлIхэм кьыззэрагъэльагъэмкlэ, а зэхъуэкIыныгъэхэм Iуэхур нэхъ тынш ящlащ. Абы ипкъ иткlэ, федеральнэ мылькум и хэхъуэр нэхьыбэ, Росимуществэм и мылькур зэгъэжIуэу кьигъэсэбэп хьунущ.

Ящэ хьэпщыпхэм фейдэ хьарзынэ кьыпэкIуэнущ, апхуэдэу Росимуществэм и сайтым уихьамэ, зегъэгурыIуэнущ хьэпщыпу ящэм и куэдагьымрэ абыхэм я лIэужьыгуэхэмрэ. «Узышлагъэмрэ гъащlэмрэ зэран хуэмыхьу» хьэпщыпу лIэужьыгуэхэм ящыщу 2012 гъэм ящам и фIыгъэкlэ бюджетым сом мелуани 145-рэ хэхъуэу иIащ.

Фигу кьыдгъэкIыжынщи, Росимуществэм къатриха хьэпщыпхэр щэжакIыр 2012 гъэм и щжлуэгъэуэ мазэм кьызэтрагъэувыIауэ щытащ. Абы щыгъуэм зэдауэ (торг) хэмыту хьэпщыпхэр щэжьын хабзэр кьыззэпиуду кьыльытат Федеральнэ антимонопольнэ Iуэхущlапlэм.

ФОМЧЕНКОВ Тарас.

● Президент

Быдэ и анэ гъыркъым

США-м и президентыр щIалэгъуалэ зэгуэхьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм щаIущIам, шынагъуэншагъэм трагъэIыхьу, гаджет зэмылIэужьыгъуэхэр кьызэрырамыгъэгъэсэбэпымкlэ, уеблэмэ а щхьэусыгъуэм кьыхэкIыну и телефони зэрырамыгъэIыгъыжькlэ яхуэтхьэуэсыхащ.

ЗЭРЫТЩIЭЩИ, Обамэ президенту хамых щIыкIэ Black Berry телефонщ кьигъэсэбэпу щытар. IэщlагъэлIхэм президентым и телефоныр смартфонкlэ ихъуэжьыну чэнджэщ ирата пэтми, кьахутегъэхьакъым. Абы ищIэрт, и дэIэпыкъуэгъуэхэм и смартфоным трагъэува «кхъуэнэм» и зэранкlэ, ар куэдым зэремыпсэлъэфынур, дунейпсо хъыбарыщlэхэри псом япэу кьызэрыхуэмыщlэнур.

Апхуэдэуи Обамэ Унэ Хужьым щиIэ пэщlэт компьютерым бгъэдэмыхьэну жраIэ.

Президентым и хъумакIуэхэм абы и электрон пощтым зыри имыплъэфын хуэдэу яхъумэ. Абы тхыгъэхэр кьэзыгъэхьыр куэд хъуркъым, ахэр Обамэ и щэхуи и нахуи зыщIэ и ныбжьэгъуэращ. Пощтым иплъэр ар кьалэн зыщащIа Iэщlагъэлl щхьэхуэхэрщ.

«Эхо планеты».

НапэкIуцIыр зыгъэхьэзырар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Урысей - Панамэ

Нэгъабэ и накьыгъэ мазэм урысей боксёр цIэрыIуэ Лебедев Денисрэ Панамэм кьикIа Джонс Гильермэрэ Мэхуу зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ. Абы щыгъуэм Лебедевыр хущIэкъуащ и хьэрхуэрэгъуэр яп дакъикьхэм игъэундэрэщхъуэну. АрщхьэкIэ псынщIэ дыдэу удын хьэлъэ кьытехуэри, и пэщlащэр игъэфIыщlащ, ар кьэбгъащ, ильагъуэ щымыIэу. ИкIэм-кIэжьым, Панамэм кьикIам кьыхитэщlащ.

АбыкIэ Лебедевыр арэзы хъуакъым. КIыхьу зэпсэльа нэужь, хьэрхуэрэгъуэр зэгурыIуащ а зэIущIэм иджыри зэ кьытрагъэзэжыну. Ар гъатхэм екIуэкIынущ.

● Урысей - Панамэ

Джэгуурэ мылъку къалэжь

Япониемрэ и партиплIым я лIыкIуэхэм казино джэгуплIэхэр къэралым кьыщызэIуахыным ехьэлIа унафэм я проект ягъэхьэзыращ.

ГЪЭщIэГъУЭНщ, ауэ парламентархэм я жэрдэмыр 2020 гъэм Токио Олимп Джэгухэр щрагъэжIуэныну къызэрыхуагъэфэщам пыщlауэ кьагъэльагъуэ. «Дунейпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэху нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зы ди къэралым щекIуэкlынущи, дэ ди эффэкI демыблэжу Япониер щыху кIуапIэ, зыгъэпсэхупIэ щыным яужь дитыпхэщ», - хэлъэ парламентым и депутат Ивая Цутому.

Казинохэр Японием щызгъэлэжьэным и телъхьэхэм ящыщщ премьер-министр Абэ Синдзо. Ар и кьулыкъум зэрытеувэрэ куэд мыщам, а Iуэхур кьезыхьэжьахэм жыджэрэ ядИыгъщ. Абы кьызэригъэльагъэмкlэ, джэгуплIэхэр къэралым щыщу ящыхьэ кьешэлIэным сэбэп хуэхьунырэ, экономикэр зэфIигъэувэжьнущ. Мы зэманкlэ, Япониемрэ и хабзэм кьызэрыщыгъэльэгъуамкlэ, шыгъажэ, лъакъуэрыгъажэ, кхъуафэжьей, патинко зэпеуэхэм лоторейкlэ фIэкIа уджэгуну кьыпхуадэркъым. Абыхэм ильэсым кьахуищlэ ахъшэр доллар мелард 200 мэхъу, я мурадкэр зрагъэхьулIэмэ, а бжыгъэр доллар мелардищlым щIигъуну хуагъэфащэ.

Унафэм и проектым зэритымкlэ, джэгуплIэхэр щыпlэ хэхахэм щхьэхуэ щаухэнущ.

Правительствэм щIэсхэм кьызэрагъэлъагъэмкlэ, зыужьыныгъэ зыгъуэта къэралхэм яшышу джэгуплIэхэр зимыIэ закъуэтIакъэ зэхэм ящыщщ Япониер. Абы кьыдэкIуэри къэралыкъущlапIэм щыIэхэм кьыхахэщ джэгуплIэхэм ткIийуэ якIэльыпIыну зэрамурадыр.

Япониемрэ и закъуэкъым джэгуплIэхэмкlэ ахъшэ къэзылэжьыну тегушхуэхэр, 2009 гъэм яп дыдэ казинохэр Сингапур кьыщыщIуаехуэу щытащ, 2010 гъэм Шри-Ланкам хуит щашIауэ щытащ, кIуэтэхуэкIэ нэхъ щIэныгъэ мэхъу Гонконг щыIэхэри. Япониемрэ Iуэхуу зэрыгъэльагъуэ щытащ. Ауэ ар зэрыгъэльагъуэ зэрыгурыIуащ а зэIущIэм иджыри зэ къытрагъэзэжыну. Ар гъатхэм екIуэкIынущ.

● Зэпыщlэныгъэхэр

Тбилисирэ Кремлымрэ

Курыкым я МИД-м и Iэтащхьэ Панджикидзе Майе Урысеймрэ я къэралымрэ я зэхуакъу дипломат зэхущытыкlэ дольагъэ щlапхъэу кьыльытэжр игъэнlуащ. «Ди дежкlэ Iуэхухэр ящlам мыхьэнэ яIэу; ящэр щlыналъэхэм ебгъэрыкIуэныр щигъэтын, етIуанэу Абхазыемрэ Осетие Инщмрэ къэралыр щхьэхуиту кьызэрилытар икъутэжи, Мис ахэр Урысеймрэ игъэзащlэмэ, дэ ди гуапэу дипломат зэхущытыкlэм пытщхьынуи», - жиIащ министрым.

Урысеймрэ и МИД-м и Iэтащхьэ Лавров Сергей: «Закавказьер Урысеймрэ и къэралыщlэхэм ящыщщи, ар псоми хьэкъыу тпхыкIыпхъэщ», - жиIэу НАТО-р кьызэрыхуриджам и жэуапу кьэпльатэ хуэнущ Панджикидзе и псалъэхэр.

Лавров фIэзэахуэщ къэралым кьыгъэмыхьэж къэралыгъэм я гъуэпкlэр гъуэщI кIапсэ банэкIэ пыщlэзэпхъуэкIыныр икIи къыхилъхьащ языныкъуэ щlэхъ пщlыр хуэжмэ, Iуахьжми хьуну. Апхуэдэуи министрым и псалъэхэм кьыхигъэщащ урыс-куржы зэныбжьэгъугъэм зрагъэужьыным Урысейр и телъхьэу зэрыщlытыр.

«Эхо планеты».

● Тласхъэщlэххэр

США-м и «бзу цIыкIуухэр» къыткIэлъыплъыр пэж?

Америкэм и тlасхъэщlэх, Урысейр; пlалъэкlэ псэупlэ зыхуэзыхуа Снуоден Эдвард иужьрей зэманым дунейм зэрытетым и хьыбар махуэ къэс ёрыщу къыдегъащlэ. Абы нэмыщ журналистхэм ирита интервьюм щигъэзэIуащ Америкэм кьыкIэмэыIуэхуэжу экономикэ тlасхъэхэр зэрызэрикlэр. Абы къыкIэлъыкIуэу «The New York Times»-м журналым Снуоден къытридзащ щэхур къэзытlэщl тхыгъэ зыбжанэ. Аргуэрыр цIыхухэр зыпэмыплъыт!

КЪЫЗЭРЫЩlэКIЫМКlЭ, США-м и Лъэпкъ шынагъуэншагъэмкlэ и агентствэмрэ инджылыз Iуэхущlапlэ хэхамрэ телефонхэмрэ планшетхэмрэ тет джагухэ кьызэрыгуэкIыжмкlэ цIыкуэм якIалъыплъыт. Псом япэу абы зи гугъу ищlар псоми фIыуэ яцIыху Angry Birds-рщ. Фыз эрыщыгъуаэзщи, илъэс зыбжанэ и пэкlэ а джагуклэм «ирисымэджауэ» щытащ урысейм и политик цIэрыIуэхэр.

Кьызэрахутамкlэ, «бзу цIыкIухэм» цIыхум теуха хъыбар куэд зэхуэсхэзыгъ, здащlэ щыIэ, и унагъуэ Iуэху зытет, политикэм хуиIэ бгъэдыхьэкlэ нэгъунэ. Абы къищынэмыщlауэ, Америкэм и Iэнатlэ щхьэхуэхэм смартфонхэм, телефонхэм хэт гуэдзэн куэдым: Twitter, Flickr, Linkedin, Facebook-хэм хуиту хьыхьрт. Снуоден кьызэригъэльагъэмкlэ, Америкэм ящlар 2007 гъэм гуэдзэн, сервис куэдым я щэхур кьищlэуэрэ щlащ.

Иужьрейуэ, Снуоден дунейм яжриIа хъыбарыщlэм Angry Birds-р кьыдэзыгъэкIа Rovio компаниер щытыкlэ гугъуи иригъэуващ. Ар куэдым фIыуэ яцIыху джэгуклэщ икIи апхуэдэ лIэужьыгъуэ зэбгрыкIар мелардитlым щIетну. Абы къикIыраци, дунейм тетым и Iыхьэ щlэнэм Америкэр «бзу бзаджэхэмкlэ» кlэльплъащ.

Rovio компанием и лIыкIэхэр икIэщlыпlэкlэ лъэIуащ Angry Birds-мкlэ джэгуклэм къыхуагъэгъуну икIи жаIащ а джагуклэм ищlагъ щlэлъхэм зыри зэрыхамыщlыкIар. ФIэщlщlыгъуейщ. Зым и дежкlи щхэукъым США-м и Iуэхущlапlэ хэхахэм дуэдзэнхэм яIэ лъагъуэ гъэпщкIуахэр къагъэсэбэпурэ, щlыхъэм ятеуха хъыбар нэхьыбэ къызэращlэр. Нэгъэщlу жыпIэмэ, Rovio-м ар имыщlар пэжкъым.

Цlыхубэ шынагъуэншагъэмкlэ агентствэм и пресс-Iуэхущlапlэм зэрыщыжаIамкlэ, ахэр зыкIэлъыплъар террористхэращ, хабзэм тету псэу цIыху кьызэрыгуэкIым и гугъу ямыщlыхуаэ къагъэльагъуэ. «Дэ зэхуэтхьэс хъыбарыр хабзэм къигъэув мардэм тетщи, зым и хуитыныгъэри икъутэркъым», - жаIэ абыхэм. Ар зыгуэрым и фIэщ пхуэщlыну?

ВОРОБЬЁВ Владислав.

● Гъэщlэгъуэнщ

Наполеон и хьэпшыпхэр

Париж и гъунэгъу Фонтенбло щыIэ Osenat унэм гъатхэпэм и кIэм аукцион зэхечэ, Наполеон и хьэпшыпхэр щищэну. Лот нэхъыщхьэ дыдэу щыIэнур щlэкI пlащlабзэм кьыхэщlыкIа, «N» литерэ цIэрыIуэр зыхэдыкIа и джанэрщ. Ар Наполеон щыгъащ 1821 гъэм накьыгъэм и 4-м, лIэным и пэ кьыкуэу: «Франция... армия... авангард» - псальэхэр щыжиIэжьым. Япэу ягъэлъэгъэну уасэр евро мин 30 - 40-щ.

А ХЬЭПШЫПЫР абы ей дыдэу (аутентичность) зэрыщlатам сыт щыхьэт техьуэр?

А упщlэмкlэ «РГ»-м зыхуигъэзащ Osenat аукцион унэм и «Ампир» кьудамэм и унафэщI Шатенье Жан-Кристоф.

- Аукционым щыдгъэлъэгъуну хьэпшыпи псори императорым хуэпэжу щыта унэIут Аршамбо Ашиль зэщlиныкъэгъ, ахэр иныгьыу Еленэ Шихьым и цIэр зезыхьэ хьтIыгум, пащтыхьыр тутнакъэщ папщlэу здагъэжIуаэу щытам, кlэльыкIуат икIи дунейм екьыжьу кьышхьэщlэкIакъым, - жеIэ IэщlагъэлIым. - Кьыхэзгъэщlынщи, Ашильщ пащтыхьым и щхьэр зыIыгъар абы и псэр щыхэжьым, А унэIутым Наполеон и джанэр щхуэу Франджым кьишауэ щытащ. Абы щэч лъэпкъ кьытетхъэркъым. Iэхур зыIутыр мыращ: а джанэм, дэтхэнэ зы адрей хьэпшыпхэми хуэдэу, тхыгъэсертификат щыгъащ, ар Аршамбо кьыззэрыIэрыхьа щlыкIэр ягу. Кьищlынэмыщlауэ, хьэпшыпи псори экспертизэ ящlащ.

Апхуэдэуи аукционым утыку кьыщрахьэнущ Наполеон и Iэлъэщlэр, лентIэр, Iэщlхьэпылъхэр. Абыхэм щхьэтхуэу тепсэлъыхьащ Шатенье Жан-Кристоф. Кьызэрыщlэкlыжьмкlэ, ар 1821 гъэм накьыгъэм и 5-м пащтыхьым и псэр щыхэжьым щыгъахэм ящащу щхьэнэжащ. Батист щэкlым кьыхэщlыкIа джанэр дохутыр Антомаркэ зэпиутщlауэ щытащ. А бзыхьэхуэхэращ абы кьигъэсэбэпар, Бонапарт и нэпкъитэпкlыр кьызытенэн маскэ зэщlми.

Аршамбо Ашиль Iэщlхьэпылъхэр ихуэмы. Аукционым и каталогым зэритымкlэ, абыхэм я уасэр евро мини 8 - 10-м кьыщыщlедэ. Абы щагъэльэгъуэнущ тхылъымпIэ зэрызэпагъэж сэмрэ Наполеон и щхьэцрэ.

ПРОКОФЬЕВ Вячеслав.
«Российская газета»

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщыхэлъуахым.

Выставкэр зыгъэдэха хъыджэбзхэр.

Ныбжьыщ1эхэм я лъэ1ур къалъытэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Щ1алэгъуалэ советым и жэрдэмк1э, Налшык къалэм щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупэмк1э и паркым и администрацэм псапэ зышыть Іуэху ищ1ащ. Партан къуажэ школ-интернатым щыщ сабий щэщ1 Абхъазым и утым и пъэрыжэ къэжьыхьыпІэм къратгъэблагъэри пщ1эншэу къыщ1рагъэжьыхьащ.

НАЛШЫК паркым и унафэщ1ым хъыбарегъащ1э Іэнатіэм и Іуэхущ1апІэкэм ядэлэжьэнымк1э и къэдзэ **Гергоков Руслан** къыхигъэщащ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и Щ1алэгъуалэ советым къыхилъхьа Іуэхум арэзы зэрытехъуар. Абыхэм автобус яг1ак1уэри, нартандзэ ныбжьыщ1эхэр лъэрыжэ къэжьыхьыпІэм къашащ, я нэгу зрагъужьыным и пэ кыхуэу я шхапІэм щ1ашэри шей, дэлэн пщтыр, Іэфы1ык1эхэр къыхутрагъэуващ. Руслан жи1ащ унагъуэ щ1ымпІсэу, адэ-анэм я нэІэм щ1эмыт, гулъытэ хуэныкъуэ щ1ык1уэм уапэ3бэну зэрыпсапэр, щхьэх хуэзфІэк1ымк1э абыхэм ядэлэпык1уну къаззрытехуэр, сабийхэм я нэгу зэ1ухауэ, гуфІэу, гушхуэу уаІуплъэныр куэд зэрнуасэр.

Сабийхэм лъэрыжэ къэжьыхьыпІэм я нэгу зэрызыщрагъэжьыным уепІтыну гуэхъуэт, махуэр дыгъэпс уэфІ хьуатэ, щ1ык1уэм я Іутыжьт. Дэтхэнэми я нэгум гуфІэ, кьехъуІа махуэфІымк1э арэзынигъэ кынщу апхуэдэт. Ныбжьыщ1эхэм хуащ1а гулъытэр, дауи, мыхьэнэ зи1эт, зи чэзыт.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Щ1алэгъуалэ советым и унафэщ1ым и къуэдзэ, **Шк1эжь Іэсият** къызэрыдж1амк1э, Нартан школ-интернатым щ1ыІэ сабийхэм гъэмахуэм зыкъыхуагъэзащ1ыгащ школым щ1дзэжьын папщ1э зыхуеину Іэмэпсымэхэмк1э ядэІэпыкъуну.

- Ныбжьыщ1эхэм я лъэІур къэтлъытэри, Налшык и уэрэджы1ак1уэ, къэфак1уэ щ1эрыІуэхэр зыхэт псапащ1э концерт къыхэдгъэпэщащ. Псапащ1э концертым къыпэк1уа ахъшэмк1э сабийхэр зыхуеинухэр къахуэтщ1эхуащ. Апхуэдэу нартандзэ ныбжьыщ1эхэмрэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Щ1алэгъуалэ советым и лэжьак1уэхэмрэ дызэрыщ1ыхуа хъуащ, - жи1ащ Іэсият. - Сабийхэр лъэрыжэ къэжьыхьыпІэм къак1уэу я нэгу зыщрагъэжьыным я нэ къызэрик1ыр кьыщытщ1эм дгъэщ1эхъуакъым. Гулъитэ хуэныкъуэ сабийхэр дгъэгуфІамэ, дгъэгушхуамэ ди гуапэщ. Щ1ык1уэм дрэгъэзгъуэ ягъу, я нэгу зрагъэжьауэ екІуэлІэжыну дыщогугъ. Мы Іуэхум иджыри пытщэну, чэзыр зы1ыбмыса сабийхэр хъуапсэу къэдмыгъэнэн щхьэк1э, абыхэми лъэрыжэк1э къедгъэжьхьыну, дгъэфІэну ди мурадщ. Ди жэрдэмыр кьыдідзы1ыгъа унафэщ1хэм, Налшык къалэм щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупІэмк1э и паркым и Іэтащхьэм фІыщ1э худощ1.

Нартан школ-интернатым и инструктор нэхъыжь, сабийхэм я гъусэу лъэрыжэ къэжьыхьыпІэм къэк1уа **Хъуран Жанни** псапэ гуапэ кУэд яхужи1ащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Щ1алэгъуалэ советым, Налшык паркым и унафэщ1ым. Абы къыхигъащ1ащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Аппаратым и лэжьак1уэ Шыпш Асльэни сэбэп къаззрыгъэхъуар.

БЖЬЫХЬЭ1П Розэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Псапэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Щ1ымахуэм къигъэщ1 таурыхъ тхыпхъэхэр

Ткаченкэ Андрей и ц1эр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъэзэджэхэмк1э музейм къыщыгъэ1уахащ щ1ымахуэм пэджэж гъэлъэгъуэныгъэ тёлыджэ.

МУЗЕЙМ и унафэщ1 **Ащхъуэт Ритэ** «Ледяной секрет или Тайны зимних приключений» зыфІащ гъэлъэгъуэныгъэр къыщыгъэ1уихым жи1ащ ар республикэм ис Іэпщ1эльапщ1эхэм я «Столком» зэгуфхэныгъэмрэ КъБР-м и Сурэтыщ1эхэм я зэгухьэныгъэм и щ1алэгъуалэ секцэмрэ я арт-проект зэрыщытыр, налшыкдэсхэм къащ1ынэмыщ1а, Симферополь, Москва, Киев, Уфа, Тбилиси, Мурманск щыщхэм я лэжьыгъэхэри гъэлъэгъуэныгъэм зэрыкатъхьар.

Іуэхур къыхэзыпІхьари къызэзыгъэпэщ1ари сурэтыщ1, сурэттех, Урысейм и Сурэтыщ1эхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Аккизов Чэримащ.**

Аккизовым и псалъэм къыхиґъэщащ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэ ин зэрар Іэр, Урысейм и щ1ынальэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу Іэпщ1эльапщ1эхэр зэрыщ1ыхун, зэпсэльэн, я Іэщ1агъэ теухуауэ зэчэнджэщыну Іамал хъарзынэу зэрыщытыр, щ1ымахуэ щ1ыІэм зэрыхьэл1эу къэуназэу зэнаІуэхьэгъуГэр нэхъ быда хъуэ зэригугъэр. Къищ1ымахуэм щ1ауэ, мы гъэлъэгъуэныгъэр зытрауха щ1ымахуэм, гъэм и дэтхэнэ зэманми хуэдэу, дагъэ езым къызэригъэщ1ыжыр мы сурэтхэм на1уэ зэрыщыхъур щ1игъужащ и псалъэм. Абы фІыщ1э яхуищ1ащ гъуэзджэм и лэжьак1уэхэмрэ зэхьыхьэ гуапэм къырихьэлІахэмрэ, Урысейм и Іэпщ1эльапщ1эхэр зыхэт мы гъэлъэгъуэныгъэм хуэдэхэр иджыри зэрамурадри жи1ащ.

Сурэтыщ1 **Ерчэн Исуф** зэрыжи1амк1э, щ1ымахуэр къыщыгъэльэгъуауэ утыку кърахьа лэжьыгъэхэр гъэщ1эгъуэнщ, удзэхьэхщ, дагъэм уэхэзыгъаплъэщ.

Сурэт, живопись, графикэ, видео жыпІэмри, Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ къагъэльэгъуащ щ1ымахуэм къигъэщ1 тхыпхъэщІапхъэхэр - уагъэхэр, дахагъэхэр, бгъуэнщ1агъэхэр, къурш мылы1ьэхэр, гуэл, псыежэх щтахэр, уэсым щІихъума жыгхэр, губгъуэхэмрэ тафэхэмрэ...

Дэтхэнэ зы сурэтми хьболъагъуэ лэжьыгъэр зи Іэдакъэ къыщ1эк1ам къыбгъдэж1 хуабагъэ гуэр, щ1ымахуэр езым зэрирлъагъу щ1ык1эр. Махуэ къэс тлъагъу, дызэсэжауэ кьытфІэмы1уэху псэгъэгфІэ-дахагъэм гу лъыуагъатэ. Псалъэм папщ1э, Мурманск къалэм щыщ Кудреватых Наталье и Іэдакъэщ1ак1ым ущ1епльк1э, уэсым щІихъума жыгэр, ягъэ1ыгъэ хуымыщ1ынк1э Іэмал и1экъым. Апхуэдэ гупсысэм ужуешэ налшыкдэс Монаковэ Анастасие уэсым хэс хьэм и сурэт ищ1ами. Мыл щтам хэль роззэр къызэрыщ1 сурэтыр-щэ? Кі3щ1у жыпІэмэ, зи лэжьыгъэхэр утыку къизыхьа Іэпщ1эльапщ1эхэм гъуазджэм и къалэн нэхъыщхьэр къайхъуІащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм зи лэжьыгъэ тельыджэхэр хагъэхьахэм ящ1ыщ1 Нефёдов Виктор (Симферополь), Голубничий Дмитрий (Москва), Кагадеевэ Аннэ, Десятников Вадим (Киев), Кудреватых Наталье (Мурманск), Банников Евгений (Уфа), Нерсесян Нинэ (Тбилиси), налшыкдэс Іэпщ1эльапщ1эхэу Аккизов Чэрим, Манаковэ Анастасие, Макшаевэ Алия, Эфэф Тимур.

Мы зэхьыхьэм насыпыр джэгуф шаублащ. Зи к1эн кьик1ахэм ящ1ыщ1 Эверест бгым дэк1а альпинистхэ Мэз Каринэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр ВТК «1 КъБР» телеканалым и лэжьак1уэ Кьардан Залинэ, нэгъуэщ1хэми. Абы хэм кьахьа сурэтхэр гъэлъэгъуэныгъэр щ1ызэхуащ1ыжк1э иратыжынущ.

Къыжы1ахъэщ, Аккизов Чэрим и арт-проектым хьхьэу, Сурэтыщ1 гъэзэджэхэмк1э музейм и Бжэ1упэм дже мылым къыхэщ1ык1а тепльэгъуэ зэрыщагъэувар. Налшыкдэсхэм я нэр игъэгуфІэу, къэмыжьжу ар зы тхьэмахуэк1э щытыну хуагъэфащэ.

Выставкэм щ1ыхушхуэ ек1уэлІащ: щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьак1уэхэр, дахагъэр фІыуэ зыпІэатъгъуэхэр, ныбжьыщ1эхэр, адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ.

ТЕК1УЖЬ Зарета.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** трихащ.

Музеймк1э Бжэ1упэм щагъэуващ мылым къыхэщ1ык1а тепльэгъуэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм хэта сурэтыщ1хэр.

● Пшыхьхэр

Гуфі3гъуэр зыхрагъащ1э

Зи нэм имыльагъуэхэм я урысейпсэ зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм мазаем и 15-м пшыхь дахэ щ1ы3эхэтынущ, Фіыуэ зэрыльагъуэхэм я махуэм хуэгъэпсауэ.

КъБР-м и район псом кьик1ынурэ Налшык къэк1уэнущ зи Іэпкъ-лъэпкъ пщ1ык1утІыр зэхуэдэу къызыдэмыбз, зи закъуэу псэу ц1ыху 70.

- Зи закъуэу псэу ц1ыхухэм я бжыгъэм илъэс къэс дуней псом щ1ыхохъуэ. Ц1ыху узынщ1эхэм, жыджэрхэм гъащ1э гъусэ къагъуэту унагъуэ насып яухуэну Іэмал я1э щхьэк1э, ныкъуэдыкъуэхэм я дежк1э ар хъуэпсапІэ къудейуэ кьонэж, - жи1ащ Зи нэм имыльагъуэхэм я урысейпсэ зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и унафэщ1 Шэрджэс Ларисэ.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамк1э, я зэгухьэныгъэм хэтхэмрэ волонтёрхэмрэ зэгъусэу махуэшхуэ пшыхь щ1э-щыгъуэ къыхэзгъэпэщащ1. Абы хохьэ зэпеуэхэр, джэгук1э зэхуэмыдэхэр, творческэ гупхэмрэ уэрэджы1ак1уэ пшыбжьыщ1эхэмрэ зыхэт концертыр. Абы къищынэмыщ1ауэ, зэІущ1эм кърихьэлІэнухэм нэгъуэщ1 гъэщ1эгъуэн куэди къапоплъэ, апхуэдэуи сауГэхэри я1эрыхьэнущ.

Пшыхьым и къызэгъэпэщак1уэхэр мэгугъэфІыуэ пльагъум уепсэлъы1эным къуит гуфІэгъуэр зи Іэпкъ-лъэпкъ пщ1ык1утІыр зэхуэдэу къызыдэмыбз, зи закъуэу псэу ц1ыхухэм зыхащ1энымк1э апхуэдэ зэхьыхьэхэр сэбэп хъуну.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

● КъБР-м щ1ыІэ МВД-м къет

Наркотик къыкъуах

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и лэжьак1уэхэм Альтуд къуажэм къыщагъэувы1ащ нэхъапэм суд зыгъащ1ыхьауэ щ1ыта, 1980 гъэм къальхуа налшыкдэсым зэригъак1уэ «ВАЗ-2115» автомашинэр.

Ар къыщапщытэм щ1эпымэ къызыхих къэк1ыгъэ зэрыль полимер пакетит1 кьрагъэтащ.

Экспертхэм къызэрагъэлъэгъуэмк1э, къытрахар марихуанэ наркотикщ, грамм 442-рэ хъуэ.

Сом мелуаным щ1игъу

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм коммерцэ банкэм ящыщ зым и л1ык1уэм зыхигъэзащ ята кредитхэр зэрамыпшыныжьым кьхьэк1ыу.

Бахъсэн районым щыпсэу ц1ыху6зищым нэхъапэм жэуапым ирамышэ1а я ц1ыхугъэм, 1981 гъэм къальхуауэ Зеикъуэ къуажэм щыпсэум, и пльэк1уэ 2013 гъэм сом 1017930-рэ щ1ыхуэу банкым къы1ахащ, иужьрейм ипшынжьыну къигъэгугъэри. Арщхьэк1э, нобэр къыздэсым щ1ыхуэр итыжакъым.

Уголовнэ Іуэху къал3тыну унафэ хъащтащ.

Къэрал к1уэцІ Іуэхуэхэмк1э министерствэу КъБР-м щ1ым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Бэнэк1э хунт

Владикавказ мак1уэ

Налшык дэт Спорт уардэуным щек1уэк1ащ КъБР-м бэнэк1э хунтымк1э пашэныгъэр къыщ1ыхьыныжьмк1э зэхьэзэхуэ. 1997 - 1998 гъэхэм къальхуа ныбжьыщ1э 200-м щ1игъу хэтащ абы.

Бэнак1уэхэм ящ1ыщу 18-м ехьуЛ1эныгъэхэр зыІэрагъэхьащ. Ахэр къыхэхыныгъэхэм пхыкІри, КИФЩ1-м пашэныгъэр къыщ1ыхьыныжьмк1э Владикавказ щек1уэк1ыну зэхьэзэхуэм хэтыну КъБР-м и командэ къыхэхам хагъэхьащ. Абыхэм ящ1ыщ1 я хьэльагъ елъытауэ япэ ивыпІэхэр къззыхьа Жолдащ Валерий, Іэпщэ Ренат, Закіуе Азамат, Борэн Илгъэр, Мэремыкъуэ Ислъам сымэ.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

● Тхэквондо

Нанкин зыхуагъэхьэзыр

Урысейм тхэквондомк1э пашэныгъэр къыщ1ыхьыныжьмк1э Анапэ щек1уэк1э зэхьэзэхуэм къаралым и щ1ынальэ 51-м я спортсмен 750-рэ хэтащ. Килограмм 78-рэ зи хьэльагъэм я дех бжьыпэр щиубыдащ Султанов Солтан. Зыхэта зэІущІитхури къихьри, спортымк1э мастерым и мардэхэр абы ягъэзэщ1ащ.

УНЭЖОКЪУЭ Андемыр нэ увыПІэр къыщикилограмм 59-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж етхуащ. Анапэ къыщ1эзэрагъэпэщ1а къэралпсо зэхьэзэхуэм къыщ1ыхьыныжьмк1э Владикавказ щек1уэк1ыну зэхьэзэхуэм хэтыну КъБР-м и командэ къыхэхам хагъэхьащ. Абыхэм ящ1ыщ1 я хьэльагъ елъытауэ япэ увыПІэхэр къззыхьа Жолдащ Валерий, Іэпщэ Ренат, Закіуе Азамат, Борэн Илгъэр, Мэремыкъуэ Ислъам сымэ.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Тхьлъыпщ1 хуатх

Лэскэн районым и прокуратурэм къыпщытащ «Урысей Федерацэм щ1ыпІэ самоуправленэр зы хабзэм тету къызэрыщ1эзэрагъэпэщ щ1ык1эм и Іуэхук1э» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къыдэк1а Федеральнэ закон №131-ФЗ-мрэ «Коррупцэм пэщ1этыным и Іуэхук1э» 2008 гъэм дыгъэгъэзэм и 25-м къащта Федеральнэ закон №273-ФЗ-мрэ къагъэувхэр куейм и муниципальнэ администрацэхэм зэрагъэзащ1эр.

«УФ-м щ1ыПІэ самоуправленэр зы хабзэм тету къызэрыщ1эзэрагъэпэщ щ1ык1эм и Іуэхук1э» Федеральнэ законым и 52-нэ статьям и 6-нэ Іыхьэм ипкъ итк1э, щ1ыпІэ самоуправленэм и Іэнатіэхэм я муниципальнэ къулыкъущ1эхэм, муниципальнэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьак1уэхэм я бжыгъэр зэрыхьум теуху хьыбархэр, абыхэм ахьшэу трагъэкІуадэри къущ1ыгъэльэгъуауэ, мазищ къэс официальнэу къытращэн хуейщ. Муниципалитетхэр коррупцэ хуэмэбжьымэхэм щ1ах1ыжьн папщ1э, «Коррупцэм пэщ1этыным и Іуэхук1э» Федеральнэ законым и 3-нэ статьям зэрыщ1ыубыхуэм хуэдэу, щ1ыпІэ самоуправленэм я Іэнатіэхэм я лэжьыгъэр я щ1ыкІэм тету на1уэу ик1и зэІухауэ къызэрагъэпэщ1ыпхъэщ.

Лэскэн районым и муниципальнэ щ1ынальэхэм я администрацэхэм закъым къитуэв а ащ1ал3эхэр ягъэзэщ1ащ.

Къэпщ1ытэныгъэм кърик1уэм ипкъ итк1э, къахута ныкъусаныгъэхэр ягъэзэщ1ауэ, щ1ыпІэ щ1ыпІэ тхьылъпщ1 муниципальнэ щ1ынальэхэм я унафэщ1хэм я щ1эк1э куейм и прокуратурэм яхуиґъэхьащ.

Щ1ыщ1эныгъэхэр къыщ1агъэщ1

«Красная Нива» СХПК-мрэ «Къэбэрдей» крахмал завод» ООО-мрэ лэжьыгъэмк1э законодательствэр зэрагъэзащ1эр Май районым и прокуратурэм къыпщытащ. Къызэрахутмк1э, абыхэм я лэжьак1уэхэм иратар улахуэ нэхъ мащ1э дыдэм (МРОТ) нэсырыкым.

«УЛАХУЭ нэхъ мащ1э дыдэм и Іуэхук1э» Федеральнэ законым зэрыщ1ыубыхуэм тету, 2014 гъэм щ1ышыпІэм и 1-м къыщ1эдзауэ ар сом 5554-рэ хъуащ, ягъэуващ. Нэгъабэ и дыгъэгъазэм МРОТ-р зэрыхъуар сом 5205-рэщ.

Май муниципальнэ районым и щ1ынПІэ администрацэм улахуэр зэхуэгъэзк1уэныжьмк1э и комиссэм къита хьыбаргъэм ятепщ1ыхьмэ, «Красная Нива» СХПК-м и хьумакІуэ 12-м дэтхэнэми лэжьапщ1эу хуатхар сом 2200-рэщ, «Къэбэрдей» крахмал завод» ООО-м щатар сом 4903-рэщ.

Къэпщ1ытэныгъэм кърик1уам ипкъ итк1э, ныкъусаныгъэхэр иригъэзэк1уэжьи, къуаншэхэр жэуапым иригъэщэлІэн папщ1э, районым и прокурорым Іэхуущ1апІэхэм я унафэщ1хэм зыхуэфащэ тхьылъхэр яхуигъэхьащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Редактор нэхъыщхьэ

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэк1ымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ1эныдэж Замир, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ яратгъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Къыдэзыгъэк1ым я хэщ1апІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э 42-57-59; щ1ихабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымк1э - 42-60-53; хьыбарыщ1эхэмк1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 47-32-15; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльык1эр зэтеуэу зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщ1 дольщ КъБР-м федеральнэ пошт эпщ1ныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъуэм и 14-м Печатым и хунтынытэр хьумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ынальэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щ1эту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдок1.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щ1эк1э щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдж1ыгъуэм елъэныхьэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Щ1ойдэжэ Заирэ (3, 4-нэ нап.), Мырзэкъан Фатіимэ (1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэ-видзащ1 Ныр Сандэ, Мэлйанъуэ Анжелэ, сурэтхэм елъэжьар Бицу Жанизщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №269